



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5 MILYON DISPONIB ATRAVÈ PWOGRAM KAPITAL SAN BI LIKRATIF KI FÈK KREYE POU VETERAN

*Divizyon Sèvis Veteran Eta New York [aksepte aplikasyon kounye a](#) nan men Òganizasyon Veteran San Bi likratif ki elijib yo pou ranbousman depans pou amelyorasyon kapital yo*

*Sibvansyon ki fèt pou ede òganizasyon yo elaji ak amelyore kalite sèvis pou veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi pa yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 5 milyon dola atravè [Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran yo ki fèk kreye nan eta a](#). Apati jodi a, òganizasyon veteran san bi likratif ki elijib yo ka aplike pou ranbousman pou depans ki gen rapò ak amelyorasyon kapital ki fèt pou elaji ak amelyore kalite sèvis ki disponib pou veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi pa yo. Finansman pou pwojè yo pral varye ant 25,000 dola ak 75,000 dola epi yo pral administre pa Divizyon Sèvis Veteran Eta New York (New York State Division of Veterans' Services) la.

"Travay ki fèt pou sipòte veteran nou yo ak fanmi yo pwolonje nan tout kominote a atravè òganizasyon Veteran yo ki bay sèvis enpòtan yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "5 milyon dola ki disponib jodi a asire resous enpòtan sa yo gen enfrastrikti pou kontinye travay yo an sekirite ak efikas pou sèvi moun ki pwoteje demokrasi ak libète nou yo."

Finansman atravè Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran limite a sa ki annapre yo: konsepsyon, konstriksyon, rekonstriksyon, reyabilitasyon oswa ekspansyon yon etablisman ki kalifye; achte mèb oswa ekipman pou yon etablisman ki elijib, depi ke mèb yo oswa ekipman yo gen yon dire lavi itil ki gen 10 ane oswa plis; ak kèk depans konstriksyon ki akseswa ki gen ladan achitekti, jeni ak konsepsyon. Pwojè ki elijib yo enkli, men se pa sa sèlman, ranplase yon do kay, pave yon pakin, oswa fè yon bilding konfòm ak ADA.

**Viviana DeCohen, Direktris Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare**, "Nou rekonesan anvè patnè nou yo nan kominote yo atravè Eta New York ki fè travay la chak jou pou kontinye sipòte veteran nou yo, manm sèvis yo ak fanmi pa yo. Opòtinite sa a bay òganizasyon yo yon sipò finansye ki enpòtan anpil pou yo kontinye

travay k ap chanje lavi moun nan yon anviwònman ki enklizif ak aksesib pou moun y ap sèvi yo."

Nan objektif pwogram sa a, òganizasyon veteran yo defini kòm nenpòt òganizasyon san bi likratif k ap fè biznis nan eta a, manm ki gen ladann yo se moun ki te manm Fòs Lame Etazini yo ak/oswa ki objektif prensipal òganizasyon an se pou benefisyè manm Fòs Lame peyi a.

Divizyon Sèvis Veteran yo pral òganize yon webinè pou potansyèl aplikan yo jedi 12 janvyè 2023, pou dekri pwogram ak pwosesis aplikasyon an. Yo ankouraje aplikan yo pou yo patisipe nan webinè a ak/oswa soumèt kesyon sou Pwogram Kapital San Bi Likratif Veteran nan [grants@veterans.ny.gov](mailto:grants@veterans.ny.gov). Aplikan yo ka jwenn plis enfòmasyon tou sou sitwèb [New York State Grants Gateway](#) (Pòtay Sibvansyon Eta New York) la, ki dwe itilize pou soumèt aplikasyon pou finansman an. Dènye delè a pou aplikasyon yo se 4 p.m. 31 mas 2023.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Veteran yo**

[Divizyon Sèvis Veteran Eta New York](#) la, ki sèvi kòm ajans defans eta a pou veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo depi 1945, kenbe yon angajman nan tout ajans lan pou sèvi tout veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo nan yon pakèt domèn pratik, ki gen ladan reklamasyon ak apèl pou avantaj ki soti nan Depatman Zafè Veteran Etazini, apèl pou mizajou sòti nan Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini an, ak reklamasyon pou avantaj Eta New York yo. Yo ankouraje Veteran yo, manm sèvis yo, ak fanmi militè yo pou yo kontakte Divizyon an nan 888-838-7697 oswa [sitwèb li a](#) pou rankontre — an pèsòn oswa vityèlman — ak yon Konseye Avantaj Veteran ki akredite pou adrese bezwen yo epi pou yo jwenn tout avantaj yo genyen yo. Swiv DVS sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418